



# Enfòmasyon sou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP)

## Ki sa ki andedan

Ki sa SNAP ye?	1
Èske w ka jwenn SNAP?	1
Si w abite nan Kalifòni	2
Kondisyon sou revni	2
Kondisyon sou resous	2
Kondisyon sou travay	2
Lòt kondisyon pou elijiblite	2
Ki jan w ka aplike pou SNAP?	3
Konbyen kòb ou ka resevwa?	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

## Ki sa SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè a (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), yo te konn rele koupon alimantè a (food stamps), ede moun ki gen revni ba yo achte manje nitritif. Byenke SNAP se yon pwogram federal, se ajans leta yo ki jere l atravè biwo lokal yo. Ou ka elijib pou resevwa benefis SNAP si w satisfè kèk kondisyon sou revni ak resous.

## Èske w ka jwenn SNAP?

Pou jwenn benefis SNAP yo, fanmi w dwe satisfè kèk kondisyon. Yon fanmi se tout moun ki abite ansanm avèk ou, ki achte epi ki prepare manje ansanm.

Si w sanzabri, ou ka toujou jwenn benefis SNAP menm si w pa gen yon adrès, yon kote pou abite, oswa yon kote pou kuit manje. Jeneralman, yo considere w kòm yon sanzabri si w pa genyen yon kote fiks pou dòmi lèswa oswa si kote w pase nuit yo prensipalman se yon akomodasyon ki tanporè nan yon:

- Abri ki sipèvize;
- Mezon tranzisyon;
- Kay yon lòt moun; oswa
- Kote ki pa deziye pou dòmi regilyèman, tankou yon koulwa, estasyon otobis oswa yon vestibil.

## Si w abite nan Kalifòni

Si w abite nan Kalifòni epi w ap resvewa SSI, jeneralman ou pa elijib pou benefis SNAP. Rezon an se paske Kalifòni enkli benefis SNAP la nan pwogram Pèman Siplementè Leta li a (State Supplementary Payment, SSP). Sepandan, si benefis SSI ou a an sispanns oswa w ap tann pou yon desizyon sou reklamasyon SSI ou a, ou ka elijib. Si w vle aplike pou benefis, kontakte biwo lokal SNAP ou a oswa biwo SSA a pou plis enfòmasyon.

## Kondisyon sou revni

Fanmi yo dwe satisfè kèk limit sou revni yo pou yo ka kalifye pou resevwa benefis SNAP. Genyen de (2) limit sou revni: revni brit ak revni nèt. Pifò fanmi dwe satisfè ni limit sou revni brit la ni limit sou revni nèt la.

“Revni brit” se revni total ou anvan yo retire taks oswa nenpòt lòt dediksyon. Genyen kèk bagay ou dedui nan revni brit ou tankou depans pou lojman, pèman pou pansyon alimantè pou timoun, ak pèman pou swen timoun oswa depandan w yo. Oumenm oswa lòt manm fanmi an ki gen 60 an oswa plis, oswa k ap resevwa kèk pèman envalidite ka dedui lajan ou peye chak mwa pou depans medikal ki depase \$35 nan revni fanmi an si se pa yon lòt moun ki peye depans sa yo, tankou Medicaid, Medicare, oswa lòt konpayi asirans. Montan ki rete aprè yo fin fè tout dediksyon yo sou revni brit ou a rele “revni nèt” ou.

Yon fanmi ki gen yon moun aje oswa yon moun k ap resevwa pèman pou envalidite sèlman bezwen satisfè tès revni nèt la. Yo konsidere fanmi yo elijib daprè revni si tout moun nan fanmi an resevwa Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI) oswa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF). Limit sou revni yo varye selon gwosè fanmi an epi li ka chanje chak ane.

## Kondisyon sou resous

Fanmi yo dwe satisfè limit sou resous tou. Resous yo se bagay ou posede. An jeneral, fanmi yo ka genyen \$2,250 nan resous, tankou lajan nan yon kont an bank. Fanmi yo ka genyen \$3,250 nan resous si gen omwen yon moun ki gen 60 an oswa plis oswa si moun nan envalid. Gen kèk bagay yo pa konsidere kòm yon resous. Pa egzanp, kay ou ak tè kote kay la ye a pa konsidere kòm yon resous. Epitou, nan kèk eta, ou ka posede omwen yon machin. Yo pa konte resous moun ki resevwa SSI oswa TANF nonpli.

## Kondisyon sou travay

Si w se yon adilt ki an bòn sante epi w pa gen depandan (ann anglè ABAWD), ki gen ant 18 ak 49 an, epi w ka travay men pou lemoman ou nan chomaj, ou ka elijib sèlman pou benefis SNAP pou twa mwa nan yon peryòd twazan. Yo rele sa “limit tan” an. Pou yon ABAWD ka elijib pou SNAP aprè limit tan an, ou dwe swa ap travay swa w ap patisipe nan yon aktivite edikasyon oswa fòmasyon ki kalifye pandan omwen 80 èdtan pa mwa. Sepandan, limit tan an pa aplikab pou moun ki paka travay akoz rezon sante fizik oswa sante mantal, ki ansent, k ap pran swen yon timoun oswa yon manm fanmi ki andikape, oswa ki egzan de kondisyon travay jeneral. Yo renonse a kondisyon sa a nan kèk lokalite. Nan kèk sitiyasyon, si w pap travay, ou ka oblige patisipe nan yon pwogram travay oswa pwogram fòmasyon espesyal avèk eta a.

## Lòt kondisyon pou elijiblite

Pou fanmi yo ka elijib pou benefis SNAP, yo dwe ranpli lòt kondisyon tou anplis de kondisyon sou revni ak resous yo, tankou kondisyon pou tout moun ki nan fanmi an genyen oswa te aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal.

Ou ka elijib tou pou benefis SNAP si w se yon moun ki pa sitwayen men ki legal nan peyi a epi w satisfè limit sou revni ak resous yo. Pifò moun ki pa sitwayen dwe rete tann senk an anvan yo ka resevwa benefis SNAP. Sepandan, kèk moun ki pa sitwayen pa oblige rete tann senkan anvan

yo resevwa benefis yo; moun sa yo enkli kèk timoun ki legalman nan peyi a ki poko gen 18 an, moun ki gen andikap, refijye ak moun ki pran azil. Ou ka elijib pou benefis tou si w legal nan peyi a epi ou gen ase tan ou te travay oswa ou gen yon koneksyon nan lame.

Si pitit ou yo legal nan peyi a oswa yo se sitwayen ameriken, pitit ou yo ka toujou kalifye pou pou benefis SNAP menmsi oumenm ou pa elijib. Ou ka aplike pou pitit ou yo san w pa bezwen bay enfòmasyon sou estati imigrasyon pa w.

## Ki jan w ka aplike pou SNAP?

Aplikasyon pou SNAP disponib nan nenpòt biwo sekirite sosyal. Si oumenm ak tout moun nan fanmi w ap aplike pou pèman SSI oswa nou deja ap resevwa pèman SSI, **nenpòt biwo Sekirite Sosyal pral ede w ranpli aplikasyon SNAP la epi voye l nan biwo SNAP la pou ou.**

Tout lòt moun k ap aplike yo, ikonpri moun k ap aplike pou benefis Sekirite Sosyal oswa ki deja ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, dwe pote oswa voye aplikasyon yo nan biwo lokal SNAP la. Pou jwenn biwo lokal SNAP la oswa pou aplike sou entènèt, vizite [www.fns.usda.gov/snap/apply](http://www.fns.usda.gov/snap/apply).

Ou pral gen obligasyon pou fè yon entèvyou aprè w fin ranpli aplikasyon SNAP ou a. Nan pifò ka, yo ka fè entèvyou a pa telefòn. Anplis de aplikasyon an ak entèvyou a, ou pral bezwen ban nou tou verifikasyon sou kèk enfòmasyon. Kèk nan fason ou ka verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon SNAP ou a gen ladan l:

- Idantifikasiyon tankou yon lisans chofè kat idantifikasiyon yon eta bay, ak nesans, kat idantifikasiyon travay oswa lekòl, kat benefis asirans medikal, kat anrejistrem elektè, oswa prèv estati w kòm etranje;
- Prèv revni pou chak manm fanmi w, tankou souchèk, yon deklarasyon ki sot nan men anplwayè w, lèt benefis ki ajou pou pèman ou resevwa nan men Sekirite Sosyal, benefis

veteran, benefis pou asirans chomaj, ak dokimantasyon pou sipò alimantè pou timoun ak pou konjwen;

- Prèv sou valè kòb ou depanse pou swen pou depandan;
- Resi Iwaye oswa prèv pèman ipotèk;
- Dosye depans ou fè pou kouran ak dlo ak telefòn; ak
- Bil medikal pou manm nan fanmi w ki gen 60 an oswa plis, epi pou moun ki resevwa benefis envalidite, tankou pèman envalidite oswa SSI nan men Sekirite Sosyal.

Aprè w fin aplike, biwo SNAP la k ap travay sou aplikasyon w lan pral deside si fanmi w kalifye pou benefis. Ou ta dwe konnen si w elijib nan yon espas 30 jou. Fanmi ki elijib pou sèvis ekspedye ap jwenn benefis nan yon espas sèt jou. Si w pa tande anyen nan espas 30 jou aprè w fin aplike pou benefis yo, rele oswa vizite biwo SNAP la.

## Konbyen kòb ou ka resevwa?

Si fanmi w elijib, montan benefis SNAP w ap resevwa depann de gwo sè fanmi w, revni mansyèl fanmi an ak depans pou kèk bagay tankou ipotèk oswa Iwaye, dlo, kouran ak telefòn, ak depans pou swen timoun oswa moun aje ki nesesè pou pèmèt yon moun al travay. Sepandan, ou ka chèche konnen ki valè kòb ou ka elijib pou resevwa lè w itilize zouti pre-seleksyon elijiblité SNAP la sou entènèt nan [www.snap-step1.usda.gov/fns/](http://www.snap-step1.usda.gov/fns/). Pou enfòmasyon konsènan lòt pwogram asistans nitrisyon ki ka disponib pou ou, li Pwogram Asistans Nitrisyon (Piblikasyon No. 05-10100) oswa vizite [www.fns.usda.gov](http://www.fns.usda.gov).

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal

te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou

ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10101-HC | February 2017

Enfòmasyon sou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP)

Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) Facts (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a